दिन—शुक्र दिनांक—08.11.2024

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

उदीयमान सूर्य के अर्घ्य अर्पित करबाक संगहि छठि महापावनिक चारि दिवसीय अनुष्ठान आइ संपन्न भऽ गेल। मिथिलांचल सहित प्रदेशभरिक प्रमुख नदी गंगा, कोसी, गंडक, बागमती, सोनक अतिरिक्त तालाब, पोखरि, जलाशय आ अस्थायी घाट सभ पर लाखोंक संख्या मे श्रद्धालु लोकनि भगवान भास्कर के अर्घ्य अर्पित कयलनि। व्रती अपन घरक बाहर आ छत पर बनाओल गेल जलाशय सभ मे सेहो अर्घ्य देलनि। एकर बाद छठि व्रती प्रसाद ग्रहण कऽ पारण कयलनि। एकर संगहि छत्तीस घंटाक निर्जला उपास संपन्न भेल। छठि घाट पर लोक सभक मध्य प्रसादक वितरण सेहो भेल। पैघ संख्या मे दूर—दराज सँ आयल व्रती सभ पूरा राति नदीक घाट सभ पर जागरण कयलनि आ सूर्योदयक बाद भगवान भास्कर के अर्घ्य अर्पित कयलनि। एहि दरमियान पूरा प्रदेशक वातावरण भक्तिमय बनल रहल।

---

पूर्व—मध्य रेलवे छठि पूजाक बाद दोसर राज्य आ शहर दिस घूरि रहल यात्री लोकनिक लेल दानापुर आ समस्तीपुर रेल मंडल सहित पाँच मंडल सभ सँ अगिला पन्द्रह दिन मे चारि सय छियालीस विशेष रेलगाड़ी चलाओल जायत। पछिला वर्ष छठिक भीड़ के देखैत तीन सय उनहत्तरि रेलगाड़ी चलाओल गेल छल। पूर्व—मध्य रेलवेक मुख्य जनसंपर्क अधिकारी सरस्वती चन्द्र आकाशवाणी समाचार सँ गपशप मे कहलनि जे एहि बेर सेहो भीड़ के देखैत बैक अप प्लानक अंतर्गत गाड़ी सभ तैयार अछि। आवश्यकता पड़बा पर ओहि के चलाओल जायत। सी.पी.आर.ओ जनौलनि जे रेलवे स्टेशन सभ पर भीड़—भाड़ के देखैत यात्री सभक सुविधाक लेल ऑटोमेटिक वेंडिंग मशीन लगाओल गेल आ बेसी भीड़—भाड़ के रोकबाक लेल स्टेशन परिसर मे होल्डिंग एरिया बनाओल गेल अछि। सभ प्रमुख स्टेशन पर भीड़ के ध्यान मे रखैत आइ सँ एगारह नवंबर धरि प्लेटफॉर्म टिकटक बिक्री पर रोक लगा देल गेल अछि आओर तीन दिन धरि पार्किंग पर सेहो रोक रहत। यद्यपि पिक एंड ड्रॉपक सुविधा

रहत। एकर अतिरिक्त लोक सभ यूपीआई के माध्यम सँ अनारक्षित टिकट सेहो लऽ सकैत छथि।

———————————————————

सर्वोच्च न्यायालयक सात न्यायाधीशक पीठ चारि–तीन के बहुमत सँ अजीज बाशा बनाम भारत सरकार मामिला मे उन्नैस सय सड़सठिक ओहि निर्णय के आइ खारिज कऽ देलक जे अलीगढ़ मुस्लिम विश्वविद्यालय के अल्पसंख्यक के दर्जा देबा सँ इनकार करबाक आधार बनौने छल। वर्ष उन्नैस सय सड़सठिक निर्णय मे कहल गेल छल जे कानून द्वारा स्थापित कोनो संस्था अल्पसंख्यक संस्था होयबाक दावा नहि कऽ सकैत अछि। शीर्ष अदालत आइ जनौलक जे कोनो संस्थाक अल्पसंख्यकक दर्जा एहि लेल वापस नहि लेल जा सकत कि ओकर स्थापना वैधानिक व्यवस्था द्वारा कयल गेल छल।

———————————————————

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू कहलनि जे भ्रष्टाचार एक बीमारी अछि आ एकरा जड़ि सँ खत्म कयल जयबाक चाही। राष्ट्रपति नव दिल्ली मे आइ केन्द्रीय सतर्कता आयोगक सतर्कता जागरूकता सप्ताहक अवसर पर एक कार्यक्रम के सम्बोधित कऽ रहल छलीह। राष्ट्रपति मुर्मू कहलनि जे सरकार भ्रष्टाचार सँ निबटबाक लेल कतेको पहल कयलक अछि। राष्ट्रपति एहि मे प्रत्यक्ष लाभ हस्तांतरण योजना, ई–मार्केट प्लस आ आर्थिक अपराध अधिनियमक उदाहरण देलनि। ओ कहलनि जे सतर्कता जागरूकता सप्ताह सरदार वल्लभभाई पटेलक जयंतीक अवसर पर आयोजित कयल जाइत अछि।

———————————————————

प्रदेशक राजगीर मे होयवला एशियाई महिला हॉकी प्रतियोगिताक लेल टीम सभक पहुंचब आरम्भ भऽ गेल अछि। आइ गया हवाई अड्डा पर थाईलैंडक महिला हॉकी टीम उतरल। टीमक स्वागत ढ़ोल–नगारा आ पारम्परिक ड्रैगन नृत्यक संग कयल गेल। किलकारी संस्थाक बच्चा सभ हुनका सभ के तिलक लगौलनि। चीन आ जापानक महिला हॉकी टीम सेहो काल्हि गया पहुंचल। एगारह नवंबर सँ प्रारम्भ भऽ रहल एहि प्रतियोगिता मे चीन, जापान, मलेशिया, दक्षिण कोरिया आ थाईलैंडक संग मेजबान भारत सेहो सम्मिलित भऽ रहल अछि।

————————————————————————

मिथिलाक प्रसिद्ध लोकपावनि सामा–चकेबा सँ प्रारम्भ भऽ गेल अछि। बहिन अपन भाई सभ के दीर्घायु होएबा कामना सँ आइ सँ लऽकऽ पूर्णिमा धरि सामा–चकेबा खेलाइत छथि। एहि मे माटिक बनल सामा–चकेबाक मूर्तिक अतिरिक्त सतभैया, चुगिला, वृंदावन आदि कीनिकऽ लोक अपना घर लऽ जाइत छथि। किछु महिला लोकनि तऽ एहि सभ के स्वयं बनाकऽ सामा–चकेबा खेलाइत छथि। सांझ कऽ खेलाएल जायवला एहि लोकपावनि मे महिला लोकनि एक ठाम एकत्र भऽकऽ गीत गबैत छथि आ संगहि सामा–चकेबा के धानक शीष अर्पित करैत छथि संगहि सभ महिला लोकनि एक दोसर के संग डाला फेरा फेरी करैत सामा–चकेबा आ हुनक समस्तगण के शीत सेहो लगबैत छथि। पुनः चुगिला आ वृंदावन मे प्रतीकात्मक रूप सँ आगि लगबैत छथि। सामा गीत सभक गूंज किछुदिन धरि सम्पूर्ण मिथिला में सुनाई दैत रहत।

समाप्त